

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Kasénian raket pisan patalina jeung falsafah. Falsafah miboga harti nya éta cara mikir anu nyosok jero pikeun nyangking bebeneran nepi ka hal-hal anu pangdasarna. Ku kituna, unggal kasénian pasti miboga ma'na anu nyangkaruk di jerona, ka asup dina kasénian penca silat buhun. Dina ieu panalungtikan, ti mimiti tatahar, ngumpulkeun data, nganalisis data, nepi ka nyusun laporan, hasilna bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Penca silat buhun mangrupa salasahiji penca silat anu masih nyekel pageuh kana pakem jeung tetekon anu geus diwariskeun. Salian diajar beladiri, dina penca silat buhun di ieu kabuyutan ogé diajarkeun yén jadi manusa téh kudu deukeut jeung Gustina ku cara ngagungkeun Gusti, sarta kudu akur jeung sasama. Kembang, buah, jeung eusi, tiluanana di ajarkeun di ieu kabuyutan. Ti mimiti ibing, beladiri, nepi ka maksud jeung tujuanana. Sanajan eusi diajarkeunana ka nu geus dewasa, hususna pelatih, tapi dina ieu penca silat barudak diajarkeun bagbagan eusi sacara teu langsung. Tujuan utamana nya éta ngadidik tur ngoméan ahlak ku penca silat, sangkan jadi budak anu soléh, anu deukeut jeung Gustina, sarta hormat ka indung bapa.

Istilah-istilah dina penca silat buhun loba pisan, ti mimiti waditra, pakéan, pakarang, nepi ka gerakan/jurus-jurusna. Waditra dina penca silat buhun ngawengku kendang, bendé/keung, jeung tarompet. Dina pakéan, contona pangsi, kamprét, jeung iket. Dina pakarang, aya awi, tongkat, jeung bedog. Sedengkeun dina gerakan/jurus, contona aya istilah kuda-kuda, suliwa, depok, papat kalima pancer, jrrd. Éta istilah-istilah téh teu ngan saukur simbol, tapi miboga ma'na anu patali jeung kahirupan manusa.

Ajén falsafah anu nyangkaruk dina penca silat buhun kawilang luhungna. Hal-hal anu patali jeung penca silat buhun, kabéhanana pikeun ngadeukeutkeun jeung ngagungkeun Gusti Allah. Sarta pikeun ngadidik murid-murid sangkan bisa ngadalikeun diri tina sagala hal anu patali jeung kahirupan, ti mimiti pikiran,

Mimif Miftahul Huda, 2015

**AJÉN FALSAFAH KESENIAN PENCAK SILAT DI PAGURON SILAT BUHUN KABUYUTAN  
GEGERKALONG KECAMATAN SUKASARI BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ucapan, nepi ka paripolah. Inti tina falsafah silat buhun, nya éta aya dina panca papagon silat atawa pancadria anu ngawengku sila, silat solat, solawat, jeung silaturahmi. Sarta dina panca darma penca silat anu ngawengku béla diri, béla kulawarga, béla warga, béla bangsa, jeung béla nagara.

## 5.2 Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan ajén falsafah dina kasenian penca silat buhun di Kabuyutan Gegerkalong, Kecamatan Sukasari, Bandung, di dieu aya sababaraha hal atawa saran, boh saran ka pamaréntah, masarakat, sakola, boh mahasiswa atawa panalungtik séjénna. Saran anu hayang ditepikeun, di antarana:

### 1) Pamaréntah

Pamaréntah, hususna pamaréntah Kelurahan Gegerkalong, Kecamatan Sukasari, Bandung, dipiharep bisa tetep jeung tuluy ngarojong kana sagala rupa kagiatan anu diayakeun ku Kabuyutan Gegerkalong, hususna penca silat buhun.

### 2) Masarakat

Masarakat dipiharep bisa ngarojong jeung bisa ilubiung dina kagiatan anu diayakeun ku kabuyutan. Sarta bisa ngarojong budak-budakna dina ngiluan penca silat buhun. Salian ti éta, masarakat dipiharep ulah waka ngajén goréng kana kabuyutan, saacan apal jeung ilubiung dina kagiatanana.

### 3) Sakola

Lembaga pendidikan formal (sakola), boh SD, SMP, SMA, boh Perguruan Tinggi di piharep bisa tuluy ngarojong jeung ngamumulé kana penca silat, hususna penca silat buhun, ku cara ngajadikeun penca silat jadi salasahiji ekstrakurikuler di sakola.

### 4) Mahasiswa/Panalungtik

Mahasiswa atawa panalungtik satuluyna, dipiharep ulah bosen nalungtik ngeunaan kabudayaan jeung kasenian-kasenian tradisional anu aya di lingkungan sabudeureun. Sarta dipiharep bisa leuwih ngajembaran analisisna

tur ngaropéa kakurangan-kakurangan anu aya dina panalungtikan saacanna ngeunaan penca silat buhun.